



KR.SUTOPO SGH

Ngalap berkah saka unine gamelan sekaten ing Pagongan mesjid Agung, saben taun tansah antuk hawigaten gedhe saka warga.

Sekaten Aja Nganti Kepaten Obor

SEKATEN minangka tradhisi taunan kang digelar dening pemerintah Kota Ngayogyakarta mligine Kraton Ngayogyakarta Hadiningrat. Saben sasi Mulud sekaten isih bisa ditemoni, kalebu wektu iki. Kasunyatan sekaten isih dadi punjering seni tradhisi kang tansah mekar lan antuk kawigaten dening para warga. Luwih-luwih kanggone para kawula ing tlatah Ngayogyakarta, kang diregengake Pasar Malam Perayaan Sekaten (PMPS).

Sekaten sekawit nduweni teges minangka pengetahuan laire Nabi Muhammad SAW kang rikala semana ditepungake dening Wali Sanga. Mula ing adicara Sekaten iki bisa kaping dadi 3 acara. Sepisan metune Gamelan Kanjeng Kyai Nagawilaga lan Kanjeng Kyai Guntur Madu saka papan panyimpenan bangsal Sri Manganti tumuju ing bangsal Ponconiti ing Kemandungan Lor, sabanjure dipindhahake ing plataran Mesjid Agung Ngayogyakarta kanthi kairing dening para abdi dalem lan punggawa kraton. Kapindho, pengetahuan dina laire Nabi Muhammad SAW kanthi njlentrehake riwayat Nabi ana ing Mesjid Agung Ngayogyakarta. Katelu, Ngarsa Dalem Kanjeng Sultan bakal paring sedhekah *shodaqoh* marang kawulane kanthi ngetokake gunung-an kang digawe saka kabeh asil bumi anggote olah tetanen para warga ing acara Garebeg kang bakal direbutake dening para warga.

Sekaten pancen ora mung duweke warga Ngayogyakarta nanging akeh uga para pegunjung kang saka njaban kutha, kabeh iku minangka bukti menawa sekaten isih dadi panglipur tumraping warga. Perayaan seka-

ten taun iki saka pemerintah kutha Ngayogyakarta uga duwe gegayuhan supaya bocah sekolah melu nggremengake Pasar Malam Perayaan Sekaten. Panjangka iku pancen becik menawa bisa kaleksanan amarga kanthi nepungake marang siswa sekolah diajab aja nganti *sekaten mung dadi crita* nanging ing tembe isih ana kang bisa nerusake lan nyritakake makna kang ana ing sajroning perayaan sekaten. Mula kanggo nyengkuyung lan ngregengake sekaten iku disedhiyakake papan awujud panggung kesenian kanggo siswa ngatonake olah seni lan budaya. Kaya kang ditindakake dening siswa SMA Muham-madiyah 2 Ngayogyakarta kasil ngatonake seni tari, tembang uga maca geguritan, Selasa, 17 Februari 2009 kepungkur.

Iki mbokmenawa dadi salah sijining cara supaya sekaten aja nganti kepaten obor.

Kanthi kanyatan iku pancen kudu ana cara supaya sekaten bisa dingerteni dening bocah-bocah mligine siswa ing sekolah. Ing madyaning piwulangan ana Basa Jawa kang dadi muatan lokal wajib kang kudu diwulangake saben tataran sekolah saka sekolah dasar nganti sekolah menengah atas. Kanggo nepungke sekaten marang siswa bisa kanthi menahi jebibahan siswa supaya golek warta lan nulis babagan sekaten. Kejaba kanggo sarana sinau uga ngiras pantes kanggo gladhen siswa seneng nulis babagan budaya lan nguri-nguri tradhisi kang isih ana.

(Sumarjiono SPd.
 Guru SMA Muhammadiyah 2
 Ngayogyakarta)-s

tota
 l W
 tari
 en .

[AN

Negatif Amat segera Untuk ditanggapi

PERCEPATAN SEGO SEGAWÉ

FSJ Gelar Workshop dan Serangan Sepeda

YOGYA (KR) - Arah perubahan masyarakat Yogyakarta menuju masyarakat yang sehat, sejahtera dan mandiri masih panjang. Di tengah dinamika pencarian arah dan formatnya yang terus berlangsung, kebutuhan akan lingkungan kota yang nyaman huni merupakan keniscayaan. Sayangnya, situasi ideal ini masih belum terpenuhi. Polusi udara dan kebisingan yang disebabkan oleh kendaraan bermotor kian memprihatinkan.



KR-YUWONO

Sekretaris Bappeda DIY Drajad R didampingi Panitia Workshop Segó Segawé saat silaturahmi ke KR.

“Populasi kendaraan bermotor di DIY setiap bulan bertambah 7.500-8.000 unit, 25 persen diantaranya kendaraan roda empat. Sedangkan populasi total kendaraan bermotor di DIY saat ini sekitar 1,1 juta buah. Membangun sistem transportasi ramah lingkungan merupakan jawaban atas masalah tersebut, salah satunya membiasakan diri bersepeda,” kata Sekretaris Bappeda DIY Drajad R saat melakukan silaturahmi ke redaksi KR, Kamis (19/2).

Ikut menyertai dalam silaturahmi, Yulia (Admin Segó Segawé), Danang Samsu (Panitia Workshop Segó Segawé), Towil (Podjok), Noer Cholik (Wasekjen Forum Sepeda Jogja), Thomas Widiyanto (Green Map dan B2W) dan R Eddy Soekamto (Sekretaris PWK III Yogyakarta).

Kunjungan ke redaksi KR

sendiri dalam rangka Workshop ‘Membangun Komitmen Parapihak dalam Merealisasikan Percepatan Segó Segawé’ yang rencananya akan berlangsung Sabtu (28/2) di Taman Pintar Yogyakarta. Di samping workshop, acara yang dikoordinir Forum Sepeda Jogja (FSJ) melakukan kerja sama dengan PWK III Yogyakarta akan menggelar kegiatan bersepeda bersama bertajuk ‘Serangan.Oemoem (SO) 1 Maret Jogja Kembali Bersepeda’, Minggu (1/3). Kegiatan ini mengambil start dari empat titik pemberangkatan menuju ‘titik nol’, yaitu Monumen SO 1 Maret 1949.

Menurut Yulia, upaya membudayakan kembali kebiasaan bersepeda di kalangan masyarakat telah dicanangkan Pemkot Yogyakarta, melalui gerakan ‘Segó Segawé’ yang merupakan ke-

pendekan dari *sepeda kanggo sekolah lan nyambut gawe*. “Program Segó Segawé perlu mendapat dukungan lewat program-program yang terus berlanjut sehingga menumbuhkan kesadaran dan pengetahuan tentang program Segó Segawé, serta budaya bersepeda di semua lapisan masyarakat,” tambah Noer Cholik yang juga ketua panitia workshop.

Menurut Noer Cholik, workshop akan mengundang narasumber Walikota Yogyakarta Herry Zudianto, Perwakilan Paguyuban Onthel Djogjakarta (Podjok) dan Ketua Bike to Work (B2W) Indonesia Pusat. Workshop yang akan diikuti perwakilan dari pemerintahan, komunitas sepeda, akademisi perguruan tinggi, sekolah, swasta, LSM atau Ormas, serta media massa.

(*-4/Apw)-f

ris Daerah

Instansi	Nilai Berita	Sifat	Tindak Lanjut
1. Bagian Humas dan Informasi	Positif	Biasa	Untuk Diketahui
2. Dinas Pariwisata dan Kebudayaan			

Yogyakarta, 18 Januari 2025
Kepala

Ig. Trihastono, S.Sos. MM
NIP. 19690723 199603 1 005